

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Naskah mangrupa salasihiji barang budaya anu jadi warisan sacara turun-tumurun, eusina di antarana mangrupa karya sastra anu ngungkabkeun rasa jeung pikiran pangarangna. Naskah mangrupa salasihiji sumber anu bisa ngadeukeutkeun antara mangsa baheula jeung mangsa kiwari. Naskah téh teu leupas tina basa jeung sastra, duanana béda pisan tapi silih pangaruhan tur silih lengkepan. Basa miboga kalungguhan salaku pamikiran, pamadegan, kahayang hiji jalma, jeung ide panyatur ka pamiarsa boh sacara lisan boh tinulis. Ari sastra mangrupa média pikeun ngawadahanana.

Naskah miboga akar kecap tina basa Arab (*al nuskhah*) nu satuluyna mekar jadi kecap “naskah”. Dina basa Inggris, naskah disebut *manuscript* (bs. Ind: *manuskrip*), sedengkeun dina basa Walanda disebutna *handscript* (Attas, 2017, kc. 23). Aya ogé nu nyebutkeun yén naskah téh mangrupa kopé, karangan atawa tulisan asli (Panitia Kamus LBSS, 2015, kc. 306). Naskah mangrupa wangun fisik dokumén-dokumén kuna anu bisa nepi ka masarakat kiwari ilaharna ngaliwatan sababaraha kali salinan; mangrupa tulisan leungeun dina bahan-bahan jeung média tinulis anu alami. Éta tulisan téh nepi ka masarakat kiwari, ilahar disebut “naskah kuna”.

Salasihiji tarékah anu dilakukeun pikeun nepikeun eusi téks naskah-naskah kuna sangkan bisa sumebar ka masarakat sabudeureunana nyaéta ku cara nyalin éta naskah. Salian ti kitu, ayana salinan naskah téh pikeun ngajaga eusi téksna sangkan henteu leungit atawa ruksak. Nurutkeun Ikram (dina Harahap, 2020, kc. 2), anu jadi lantaran hiji téks disalin sababaraha kali di antarana: (1) hiji jalma hayang miboga hiji téks naskah lantaran eusina dianggap penting, (2) naskah nu asli geus ruksak, ku kituna dijieun salinanana, (3) nu boga naskah ngarasa melang, sieun naskah anu dipibogana leungit, ruksak kakeunaan ku musibah alam atawa ruksak ku rinyuh, atawa (4) pikeun kaperluan *magis*, lantaran aya nu boga anggapan yén ku nyalin hiji naskah nu tangtu bakal meunang hiji kakuatan.

Ilaharna, naskah-naskah anu judulna sarua téh henteu sarua pisan eusina. Bédana aya nu mangrupa *versi*, aya ogé nu mangrupa *varian*. Maksudna, sok sanajan eusi téksna sarua, tapi di jerona rajeun sok aya nu béda. Bédana aya anu saeutik, saperti béda lantaran parobahan, pindahna posisi, sarta nambahan aksara, engang, atawa kecap, tapi aya ogé anu bédana téh loba nepi ka ngarobah kana jalan carita (pikeun naskah anu eusina karya sastra) (Harahap, 2020, kc. 2).

Balukar tina prosés nyalin naskah nyaéta ayana sababaraha atawa malah jadi loba naskah-naskah nu sarua ngeunaan hiji téks (carita). Dina prosés nyalin anu dilakukeun sababaraha kali téa, bisa jadi aya sababaraha kasalahan atawa parobahan. Lantaran, meureun anu nyalinna kurang maham kana basa atawa inti pasualan tina éta naskah anu disalinna. Salian ti kitu, ogé meureun tulisanana henteu jelas, salah maca, atawa kurang gemet dina nyalinna. Antukna, aya sababaraha aksara anu leungit (*haplografi*); nyalinna maju tina kekecapan ka kekecapan anu sarua (*saut du meme au meme*); hiji kecap, hiji bagian kalimah, sababaraha jajar, atawa hiji pada, aya anu kaliwat, atawa sabalikna ditulis dua kali (*ditografi*) (Baried spk., 1994, kc. 60).

Harahap (2020, kc. 3) nétélakeun yén kaayaan nu saperti kieu bisa jadi bangbaluh nalika dilakukeun panalungtikan kana hiji téks tina sababaraha paélmuan. Bangbaluh anu utama nyaéta téks anu mana (anu aya dina sababaraha naskah téh) anu asli tur anu asalna ti pangarangna sorangan. Ku kituna, saacan hiji téks ditalungtik pikeun kaperluan paélmuan anu tangtu, perlu dilakukeun heula panalungtikan filologi kana éta téks. Sutrisno (dina Harahap, 2020, kc. 3), ogé nétélakeun yén saacan éta téks ditalungtik sacara filologi, kalungguhanana masih mangrupa bahan atah, sedengkeun anu geus ditalungtik sateleb-telebna sacara filologi mah mangrupa naskah anu bisa dipaké salaku sumber paélmuan séjén anu oténtik.

Saluyu jeung karageman suku bangsa anu aya di Indonésia, naskah-naskah heubeul Indonésia asalna ti sababaraha suku bangsa jeung éta naskah-naskah téh ditulis dina basa ogé aksara daérahna, luyu jeung asal naskahna, sarta dingaranan luyu jeung basa anu digunakeun dina naskahna. Naskah anu maké basa Jawa disebut naskah Jawa, naskah anu maké basa Batak disebut naskah Batak, naskah anu maké basa Sunda disebut naskah Sunda, pon kitu deui naskah-naskah anu

ditulis maké basa daérah nu séjénna. Salian ti basa jeung aksarana, média tulisanana ogé rupa-rupa, saperti naskah Jawa Kuna, Sunda Kuna, jeung Bali ilaharna ngagunakeun média lontar. Ku lantaran naskah-naskah kuna di Indonésia ditulis dina rupa-rupa basa jeung aksara daérah, antukna anu maca (anu teu ngawasa kana basa jeung aksara daérahna) hésé pikeun maham eusi naskah-naskah daérah. Pon kitu deui média tulisan anu digunakeun ilaharna teu awét sedengkeun umur naskah rata-ratana geus kolot, mangka kaayaan naskah anu nepi ka generasi kiwari téh geus ruksak nepi ka hésé dibaca (Harahap, 2020, kc. 3).

Di antara naskah-naskah kuna (heubeul) di Indonésia, aya nu disebut naskah-naskah Sunda. Naskah Sunda mangrupa data tinulis ngeunaan basa Sunda dina wangun téks nu umumna leuwih panjang tibatan prasasti. Eusina mangrupa carita babad, sajarah, ubar, mantra, paririmbong, sastra, sajarah, hukum, élmu tatanén, élmu kaséhatan, seni, jeung sajabana. Saluyu jeung kamekaran papahamanana, sakapeung mah eusi naskah téh henteu jinek atawa tokoh dina hiji disiplin. Upamana naskah sajarah eusina teu sagemblengna sajarah, tapi sok dicampur jeung sastra atawa mitos. Dina kamekaran saterusna, eusi naskah téh beuki tétéla merenahkeun diri dina klasifikasi mutahir. Upamana, naskah carita babad, naskah sajarah, naskah pupujian, naskah carita pantun, naskah carita wawacan, jeung sajabana ti éta (Ruhaliah, 2020a, kc. 46-49).

Nurutkeun Ruhaliah (2020b, kc. 48-49), asupna pangaruh Islam ka tatar Sunda dina abad ka-16 M, mangaruhan kana téks sastra anu patali jeung agama Islam. Anu tétéla pisan mah nyaéta tina aksarana anu ngagunakeun aksara Arab jeung aksara Arab-Pégon. Ari aksara Arab-Pégon téh mangrupa rékaan tina aksara Arab, nu diluyukeun jeung sora sarta aksara dina basa Sunda. Jadi, dina naskah Sunda aya aksara nu sabenerna dina aksara Arabna mah euweuh. Salian ti kitu, asupna Mataram ka tatar Sunda ogé mangaruhan kana sawatara widang, kaasup dina widang sastra, nyaéta asupna puisi pupuh anu ngagelarkeun karangan-karangan jenis guguritan jeung wawacan. Malah sajarah ogé aya anu ditulis dina wangun pupuh. Basana ogé pon kitu deui, padalisan-padalisan pupuh mindeng diselapan ku basa Jawa pikeun nyumponan guru wilangan jeung guru laguna.

Dumasar kana sababaraha pertélaan di luhur, panalungtik kairut milih salasahiji naskah Sunda heubeul anu eusina mangrupa ajaran tasaup, karya sastra

pangaruh Islam, pikeun ditalungtik sacara filologi. Salasahiji karya sastra nyaéta naskah Wawacan Pulan Palin (satuluyna disebut WPP). Judul caritana dumasar kana ngaran tokoh utama dina ieu carita, nyaéta Radén Pulan jeung Radén Palin.

Ieu naskah WPP kawilang penting pikeun ditalungtik, teu ngan ukur tina jihat wangun jeung basana, tapi ogé tina eusina. Disawang tina wangunna, naskah WPP disusun dina wangun puisi wawacan. Wawacan nyaéta carita panjang (naratif), tapi aya ogé runtuyan (déskriptif), anu dipidangkeun dina wangun puisi pupuh. Carita wawacan mangrupa karya sastra Sunda anu gelar dina wangun tinulis, tapi ilaharna ditepikeun sacara lisan (ditembangkeun) dina hiji pagelaran ritual anu disebut beluk (gaok). Di sawatara wewengkon, ieu beluk disebut macapat, meureun asalna mah tina basa Jawa, *macapat* (dibacana *macopat*) (Ruhaliah, 2018, kc. 10-11). Pupuh anu dipikawanoh ku urang Sunda aya 17 rupa, anu miboga ngaran jeung ugeranana séwang-séwang.

Disawang tina eusina, ieu naskah WPP kaasup kana karya sastra tasaup, mangrupa carita simbul ngeunaan ajaran tasaup atawa élmu sajati anu ngagunakeun basa Sunda jeung ditulis dina aksara Arab-Pégon kalawan dipidangkeun dina wangun dialog antara dua tokoh adi jeung lanceuk, nyaéta Radén Pulan jeung Radén Palin. Sacara gurat badag, eusi ajaranana kaasup kana tasaup falsafi, di antarana ngeunaan (1) hakékat anu nyangkaruk dina alam gaib (saperti sipat-sipat *rabbani*, sipat dua puluh, korsi *arsy*, malaikat, roh, hakékat kanyataan tina sagala rupa anu wujud, boh nu gaib boh nu nyata, jeung runtuyan *kosmos*, utamana ngeunaan nu nyiptakeun sarta prosés nyiptakeunana), (2) kajadian-kajadian di alam atawa *kosmos* anu mangaruhan kana sagala rupa wangun anu karamat atawa dianggap ahéng (kiamat), (3) pertélaan ngeunaan *fana* jeung *baqa*, (4) *ittihad* (manunggalna diri jeung Gusti), (5) *hulul* (*immanensi* roh Gusti dina diri manusa), jeung (6) suluk, nyaéta lalampahan dina galur *spiritual* atawa prakték-prakték pikeun manggihan anu sajati, luyu jeung objék sarta konci utama ajaran tasaup falsafi dina Usman (2022, kc. 18-21). Salian ti éta, dina ieu naskah ogé aya pertélaan ngeunaan konsép *wahdat al-wujud*, nyaéta manunggalna wujud minangka hiji beungkeutan antara matéri jeung roh, hakékat jeung wangun, antara lahir jeung batin, ogé antara alam jeung Alloh, lantaran alam téh hakékatna *qadim* anu asalna ti Gusti (Hasan dina Faza, 2020, kc. 66).

Ditilik tina jihat kalungguhanana, naskah WPP kaasup kana naskah *profan* (teu dianggap suci). Lantaran ku ayana data tina sababaraha katalog, jumlahna kurang leuwih aya salapan téks naskah anu judul jeung eusina méh sarua jeung WPP. Salian ti kitu, tina unggal naskah anu kapanggih téh nuduhkeun lobana parobahan dina salinanana, boh anu dihaja boh anu teu dihaja, nalika prosés nyalin naskahna. Ku ayana alesan yén téks naskahna teu disalin sagemblengna jeung ayana téks anu ditambahan atawa dikurangan téh beuki ngayakinkeun pamadegan di luhur. Balukar tina lobana parobahan anu dilakukeun ku nu nyalinna, ieu naskah-naskah WPP téh miboga *versi* jeung *varian* anu rupa-rupa. Pikeun naskah-naskah anu dianggap suci (sakral), kaayaan saperti kieu téh langka pisan kajadian (Ruhaliah, 2019, kc. 7-8).

Tina sababaraha naskah anu kapanggih, Pulan Palin mangrupa judul anu panglobana dipaké tibatan judul nu séjénna. Salian ti éta, kapanggih ogé judul naskah anu méh sarua tur eusina ogé nyaritakeun ieu tokoh Radén Pulan jeung Radén Palin, di antarana nyaéta *Carita Pulan Palin*, *Carita Suluk*, *Cerita Suluk Sunda*, *Kitab Hakékat & Kitab Nasihat*, *Kitab Pulan Palin*, *Kitab Wawacan Élmu Hak*, *Lalampahan Raja Wawangkara*, *Pulan Palin*, *Pulan-Palin*, *Wawacan Polan-Palin*, *Wawacan Pulan Palén*, *Wawacan Pulan Palin*, *Wawacan Pulan Pulin*, *Wawacan Pulan*, jeung *Wawacan Pulan-Palin*. Judul téks *Wawacan Pulan Palén* (satuluyna disebut *WPP*) mangrupa koléksi PNRI anu geus ditransliterasi ku Asép Saéful Azhar dina taun 2023 sarta ditarjamahkeun kana basa Indonésia ku Gunara Fahrizal dina taun 2024. Ngan, dina hasil panalungtikanana, ieu naskah téh judulna jadi *Wawacan Pulan Palin*.

Sababaraha judul naskah anu disebutkeun di luhur kapanggih tina sababaraha katalog naskah-naskah kuna, iwal ti naskah anu judulna *Lalampahan Raja Wongkara*. Ieu naskah kapanggih ti koléktor naskah di masarakat, nyaéta ti Chandra Purnama Komara, anu dumukna di Kampung Néglasari, RT/RW 02/04, Désa Ciwidéy, Kacamatan Ciwidéy, Kabupatén Bandung. Jumlahna aya dua naskah, ceuk nu bogana mah judulna nyaéta *Lalampahan Raja Wawangkara* (satuluyna disebut LRW), ngan sabada dititénan ku panalungtik, ieu naskah téh eusina nyaritakeun ngeunaan Radén Pulan jeung Radén Palin. Aya hiji naskah anu eusina teu lengkep, ngan ukur kapanggih 51 kaca jeung euweuh sampulan.

Sok sanajan judul jeung gurat badag eusi téks naskahna méh sarua, tapi di jerona tangtu aya anu béda, boh dina basa boh dina aksara atawa dina cara midangkeun téksna, tangtuna miboga ciri hasna séwang-séwang. Ku kituna, ieu naskah WPP téh bisa dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan.

Anapon téks naskah anu dipaké sumber data dina ieu panalungtikan jumlahna aya tilu, nyaéta naskah anu *versi*-na sarua (sanajan judulna béda) sarta anu kapanggih wangun fisik naskahna. Sumber datana nyaéta dua naskah anu kapanggih ti koléktor naskah (LRW) jeung naskah koléksi PNRI (WPP). Alesan utama dipilihna ieu tilu naskah téh nyaéta pikeun révitalisasi téks naskah anu masih sumebar di masarakat (LRW) sarta pikeun sumber data *pembanding* dina ieu panalungtikan (WPP), lantaran téks naskahna geus kungsi ditalungtik. Salian ti kitu, judul naskah anu béda tapi eusi téksna sarua mangrupa salasahiji hal anu matak ngirut pikeun ditalungtik leuwih teleb deui (Ruhaliah, 2019, kc. 11).

Dina ieu panalungtikan, judul anu dipaké pikeun nyebutkeun téks naskahna nyaéta WPP (Wawacan Pulan Palin). Lantaran, sakabéh téks naskah anu kapanggih wangun karanganana mangrupa puisi wawacan sarta eusina nyaritakeun tokoh Radén Pulan jeung Radén Palin. Salian ti kitu, di antara kecap Pulan jeung Palin henteu maké tanda geret (-), lantaran lain kecap rajékan dwiréka (pulan-palin), tapi nyoko kana ngaran tokoh utama dina ieu carita.

Panalungtikan ngeunaan ieu téks naskah WPP téh sabenerna mah geus kungsi dilakukeun ku sababaraha urang, di antarana ku: (1) Dr. Undang Ahmad Darsa, M.Hum. dina taun 1997 kalawan judul “*Pendekatan Filologi terhadap Wawacan Pulan Palin*”, naskah WPP nu digunakeun dina ieu panalungtikan can kapaluruh ku panalungtik, lantaran hasil panalungtikanana can kapaluruh di mana ayana; (2) Dr. Kalsum, M.Hum. dina taun 2001 kalawan judul “*Realitas Ketuhanan dalam Wawacan Jaka Ula Jaka Uli: Pemahaman dengan Pembanding Wawacan Buwana Wisesa dan Wawacan Pulan Palin*”, di dieu kalungguhan téks WPP nyaéta salaku naskah *pembanding*, sajajar jeung naskah *Wawacan Buwana Wisésa*, pikeun maluruh kanyataan-kanyataan Gusti anu nyangkaruk dina jero naskah *Wawacan Jaka Ula Jaka Uli*; (3) Asép Saéful Azhar dina taun 2023 kalawan judul “*Alih Aksara Wawacan Pulan-Palin (NB 393) Koleksi Perpustakaan Nasional*”, téks WPP dina ieu panalungtikan téh béda *varian* jeung téks WPP anu kapanggih ku

panalungtik tina hasil studi lapangan; sarta (4) Gunara Fahrizal dina taun 2024 kalawan judul “Alih Bahasa Wawacan Pulan Palin (NB 393) Koleksi Perpustakaan Nasional” dina wangun *draft* laporan panalungtikan, ari téks WPP-na sarua jeung téks dina poin nomer (3), ngan dina ieu panalungtikan mah aya sababaraha data anu disaluyukeun tur dioméan. Data hasil tina panalungtikan nomer (3) jeung (4) digunakeun pikeun sumber data *pembanding* ku panalungtik.

Sok sanajan téks naskah anu ditalungtikna sarua, nyaéta ngeunaan WPP téa, tapi di dieu panalungtik ngagunakeun sumber data anu béda. Sumber data anu dimaksud nyaéta dua naskah WPP anu béda *varian*, hasil tina studi lapangan ka koléktor naskah sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Ku kituna, ieu panalungtikan téh kawilang penting dilakukeun salaku lajuning laku tina objék panalungtikan naskah WPP tur satuluyna ieu panalungtikan téh dijudulan “Édisi Téks Wawacan Pulan Palin (Ulukan Filologi)”. Pamarekan filologi digunakeun pikeun nyusun déskripsi, transliterasi, babandingan téks, silsilah naskah, jeung édisi téks tina ieu naskah WPP anu kapanggih.

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkab wangun asal téks anu aya dina titinggal tinulis mangsa heubeul sarta midangkeun téks dina wangun anu kabaca tur kaharti ku masarakat mangsa kiwari, nyaéta dina wangun suntingan téks, saluyu jeung tujuan husus filologi (Baried spk., 1994, kc. 8).

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi naskah WPP?
- 2) Kumaha transliterasi naskah WPP?
- 3) Kumaha babandingan téks naskah WPP ditilik tina jihat filologi?
- 4) Kumaha édisi téks naskah WPP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang tur rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan téh miboga tujuan sacara umum jeung husus, nyaéta ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngungkab wangun asal téks anu aya dina titinggal tinulis mangsa heubeul sarta midangkeun téks dina wangun anu kabaca tur kaharti ku masarakat mangsa kiwari, nyaéta dina wangun suntingan téks, saluyu jeung tujuan gawé filologi (Baried spk., 1994, kc. 8).

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- 1) Nyusun déskripsi naskah WPP;
- 2) Nyusun transliterasi naskah WPP;
- 3) Medar babandingan téks naskah WPP ditilik tina jihat filologi;
- 4) Nyusun édisi téks tina naskah WPP.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku tilu aspék, nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat kawijakan. Mangpaatna dijéntrékeun ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji karya sastra buhun titinggal karuhun, nyaéta naskah WPP sangkan bisa dibaca tur dipikaharti ku masarakat mangsa kiwari, henteu lastari eusina.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna keur sawatara pihak, di antarana pikeun:

- 1) panalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan eusi téks, bisa ngadéskripsikeun, nyusun transliterasi, ngabandingkeun téks, sarta nyusun édisi téks naskah WPP;
- 2) mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi atawa rujukan dina panalungtikan anu sarupa;
- 3) masarakat, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan eusi naskah WPP;

- 4) filolog, sasieureun-sabeunyeureun bisa méré sumbangsiah tur mantuan dina panalungtikan naskah-naskah kuna anu sumebar di masarakat.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Ayana ieu tulisan hasil panalungtikan, dipiharep bisa méré kamandang ngeunaan kawijakan pikeun mekarkeun ugeran-ugeran dina raraga ngaraksa tur ngamumulé budaya Sunda titinggal karuhun, hususna ngeunaan naskah Sunda kuna, sangkan henteu leungit eusi anu nyangkaruk di jerona lantaran ruksak balas ku kurang dipiara. Salian ti éta, patali jeung kawijakan ngeunaan kamekaran pangajaran naskah Sunda kuna, boh tina jihat naskahna boh tina jihat téks naskahna, anu bener, hadé, jeung éféktif di sakola, sangkan bisa diwanohkeun ka nonoman Sunda kiwari.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I eusina ngeunaan bubuka panalungtikan anu ngawengku kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku filologi, wawacan, transliterasi, jeung édisi téks; sasaruuan tur bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna; sarta raraga mikir nu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Bab III eusina ngeunaan métodeu panalungtikan, désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, téknik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran tina hasil panalungtikan, hasil ngolah, jeung hasil analisis data anu ngawengku déskripsi, transliterasi, babandingan téks, sarta édisi téks naskah WPP.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan tina hasil analisis; implikasi ngeunaan pentingna hasil panalungtikan tina segi tioritis, praktis, jeung kawijakan; sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan nu lian.